Соколёнок

# Лачен

4/2019
июль – август

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХІУКУМАТАЛЪ КІИ-КІИ МОЦІИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ



# ХЪВАДАРУХЪАБАЗУЛ СОЮЗАЛЪ 85 СОН ТIУБАЯЛДЕ

**«Лачен» журнал цIалулел гIисинал гьудулзаби, дие гIагарал магIарул лъимал!**

**Исана 85 сон тIубала Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союз гIуцIаралдаса. 1934 соналъ гIемермиллатазулаб мугIрул улкаялъул хъвадарухъабаз ахIараб тIоцебесеб съездалда гIахьаллъана ЦIадаса ХIамзат, Заид ХIажиев, Сулейман Стальский, АбутIалиб Гъафуров, Эфенди Капиев, Рабадан Нуров, Багьавудин Астемиров ва цогидалги доб заманалдего халкъалда гьоркьоб жидер цIар машгьурлъарал цогидалги хъвадарухъаби. Хадусел соназда дунялалъго цIалана Расул ХIамзатовасул, Фазу ГIалиевалъул, Расим ХIажил, АхIмадхан Абубакарил ва цогидалги Дагъистаналъул хъвадарухъабазул асарал. Гьебго заманалда гIемерал миллатазул мацIазде руссинаруна нилъер лъималазул хъвадарухъаби Рашид Рашидовасул, Нурадин Юсуповасул, МухIамад Хириясулаевасул, МухIамад Гъазиевасул, ХIасан ХIабибовасул тIахьал.**

**Хъвадарухъабазул союзалъул хIаракатчилъиялъул хIасилалда I943 соналъ Дагъистаналда рагьана хасгьабун лъималазе тIахьал риччалеб издательство Дагъучпедгиз. I980 соналдаса нахъе хъвадарухъабаз гьитIичазе бахъулеб буго школлъималазул унго-унгояб гьудуллъун лъугьараб «Лачен» журналги. Гьелъул гьурмазда нужеца цIалула цIадулал рагъазда бахIарчилъи бихьизабурал умумузул хIакъалъулъ хъварал очеркалги, цIалдобахъабазул гIумруялъул бицунел макъалабиги, некIсиял маргьабиги, гьанжего-гьанже нилъер къоязул хъвадарухъабаз хъварал цIиял асаралги.**

**ХIурмат тIадегIанал мугIрузул васалги ясалги, ЦIадаса ХIамзатица нуж релълъинарулаан чIагоял тIугьдузда. Расул ХIамзатовас нужеде божилъи гьабулаан Дагъистаналъул букIинеселде гIадин. Нужее гIемераб рохелги, хинлъиги, канлъиги гьарулаго бокьун буго нужеда баркизе тIаде щолеб бугеб нижерги нужерги юбилей – Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ 85 сон тIубай.**

***Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул Председатель, Дагъистаналъул халкъияв шагIир МухIамад АХIМАДОВ***

# „Гьаз нилъее тана лъикIал асарал"

## ЦIадаса ХIамзат

# Маймалакги цIулал устарги



Цо пуланаб ишалде
Унеб маймалакалъул
АхIмадида берчIвана
ЧIалул хъарщал рахъулев,

Щибаб натIил къадаралъ
Хъухъан лъугIараб мехалъ,
ЛъутI бахъун, нахъехун чIван,
ЧIалтIа рекIун хIалтIулев.

Маймалак АхIмадида
ХIикмат гьабун хутIула,
ХIалтIул сурат бихьизе,
Гьесухъ балагьун чIола.

Жиндирго цо ишалъе
АхIмад гьениса уна,
Гьелгьелаго маймалак
БачIун чIалтIе бахуна.

Хъухъалеб бакIалдехун
КIигъеж кьурун рехана,
Кьанбан чIалтIаги рекIун,
Квалквазе байбихьана.

АхIмадихъего лъугьун
ЛъутI бахъулеб букIана,
Нахъасан даларaб рачI
Хъорщода гьоркьой ккана.

Гьанже унтул кутакалъ
Квешал гьаркьал рахъана,
РачI бахъизе кIвечIого,
РекIедаса ун ккана.

Гьеб ургъалида гьоркьоб
АхIмад тIаде вачIана,
РачIалъул бугеб унти
Эс кIочон тезабуна.

Жиндир хъулухъ гуреб иш
БотIроде босарасе
Мисалалъе гьеб рагIи
ГIунги тIасан борчIула.

*Расул ХIамзатов*

# Лъимал



Дида цебе тIугьдузул
Берцинлъи лъалароан.
Лъимал гIолеб мехалда –
Гьанже хIайранлъун вуго.

«РорчIами» – ян гьетIула
Щибаб гIинтIиялде дун.
ГIодоса гьеб тIолелъул
ТIепула тIелхалълъ магIу.



Дида цере хIанчIазул
КучIдул ричIчIулароан.
Кинида лъимал рихьун,
Лъай гьанже хисун буго.

Щибаб хIинчI пархулелъул,
Борхун уна дир керен;
Гьез куркьбал хьвагIулаго,
Хьухьакьа хIинкъула дун.



Дида цебе гIумрудул
Къимат бичIчIулароан.
Лъимал каранде къайгун,
Цо къоязда бараб нур!

Щlияб хIасратги лъана,
Щlияб хIинкъиги лъана,
Цо лъалебцин букIинчIеб
Канлъи, хинлъи бачIана.





Фазу ГIалиева

# МичIчIил хинкIал

ЦIалкIу бугIун цIураб мичIчI
БацIцIад гьабун чурана,
ГIисин гьабун бусана,
Хоно чехьон, нах жубан
ХинкIазда жаниб лъуна.
Бакъанида эбелги
Эменги рокъой щвана
Яслиялдаса юуссун
СалихIатги ячIана.
МичIчIил хинкIал ругилан
КIодоца цере лъуна.
Инсуца гIучI босана,
Эбелалъ хинкI хIанчIана,
Амма СалихIатица
МахIалде квер бегьана,
– Квинаро дица хинкIал,
ХIанчIола мичIчI кидаго.



МухIамад Сулиманов

# ТIотIолгун рагъ

Бищунго регьунеб рогьалил макьу
РештIун цо тIотIоца тIуризабуна.
ТIоххол гьобол гIадин, гIинтIе зузудун,
ГIассияб ццидалъ дун вахъинавуна.

– Вай дур кваркьабазда кутул хурхаяб,
КингIаги нечечIеб чи валъаргъине?
Анлъабго бохалда маххал далаяб,
Дир гуреб нодойищ дуда батичIеб?

Гьелда речIчIулеб жо дирго ботIролълъ щун,
РокьогIан бакIалъа нодо гIанлълъана.
Гьанже бихьилилан тIаделъулаго
ТIотIоде хьвагIулеб хьолболъ тункана.

Шкаф цIураб цIаргI гIодобе гъана,
Гъапуллъараб катил рачIалтIа чIана.
Стол гебегана, бакIал гъурана,
Гордазул цIурдузул дваргъи бахъана.

Гьанже, чара хварас, чирахъги бакун,
Кибе боржаниги, босун гъоркь ккуна!
Кваркьабиги чIурхIун гIодо ккаралъул
ГIадатIа малги чIун лъикI гьод бухана!..

Пайда щиб, жакъа гьаб тIотIода гIадин
ТIад мал чIезе анищ хIалихьатида!






# ХӀажатав чи

ГӀабдулмажид Хачалов



Нижер кӀудияв эмен
Устар вуго жигарав,
Жини-сургу, квартӀа-гъецӀ
Кодоса биччаларев.

Кумек гьарун, гьесухъе
РачӀуна росуцоял,
Руссуна, мурад тӀубан,
Устарасе рахьи бан.

ГӀощтӀода чаран лъола,
Чархида нусал ккола,
Сургу тӀамун, магӀ кьабун,
Горду-нуцӀа къачӀала.

Газа-белалъе гӀоркьал,
ГӀисинал цӀулал гъудал,
ГӀаларчаялъе тӀукъби
Гьарун кьола майилан.

Гьев кидаго вукӀуна
ГӀисинаца сверун ккун:
– Свердиро биччалярищ,
Чанагъал къачӀаларищ?

Дир газаргъо хун буго;
Газгазал гьарилярищ?
Дихъа горду бекана,
ЦӀер лъезе вачӀинарищ?

Лъималазе устарас
Инкар жеги гьабичӀо.
Гьабулеб тӀагӀелги тун,
ТӀубала гьезул мурад.

Кинацаго абула:
– Баркала, устар! – илан.
Оц жиндие кьурабгӀан,
Разиго вукӀуна гьев.

Росдае хӀажатав чи
Вуго дир кӀудадада.
КӀудияв гӀедал дунги
ВукӀина гьединавлъун.

ГIабасил МахIамад

# Хьихьараб бацI

Чанахъанас бацIги чIван
ГIисинал тIанчIи ккуна;
Лъабго таргьинибги хун
Цояб хутIун батана.

Гьесул гьитIинав Камил
Кутакалда вохана,
Виха-хочун гьеб хъурмил
Адаб-хъатир гьабуна.

Жибго катитIинчI гIадин
Кутакалда лъухьана,
Рихьдае таращ гIадин
ГIемерго лъикI хьихьана.

БацI хекко гIун бачIана,
Берцинаб «гьой» лъугьана.
Бухьун, биччан хьвадана,
Гьалги божун рукIана.

Амма бацI – гьеб бацI буго!
Бакъ баккана цо къоялъ...
ТIокъода гIака буго
ЧIван рехун «гьояб» бацIалъ.

Росу бихьулеб рицIил
Рохьил тIогьибги рештIун,
Нилъер «ругьунаб» бацIил
Руруй буго тIибитIун...

Камилица гьикъана
Долъ ахIулеб щибилан;
Инсуца жаваб кьуна,
Гьелъ абулеб бугилан:

«Баркала Камилие, –
Дица гуккизе чIчIана.
Нужей досвидание, –
Дун хъумурлъуде ана».



Муса МухIамадов

# Алмас

(хабар)

МагIардаса гIиял гьвеги хадуб гьабун, вачIана Камилил эмен.

– Гьаб «Алмас» буго нижер божараб гьудул, – ан абуна гьес гьвел ботIрода кверги бахъун. – Гьаб лъикI хьихье, Камил, дуца. Вореха, цосина багъизабизе гурин.

Камилиде хехго ругьунлъана «Алмас». Гьебги бачун Камил цо анкь базе кIодода аскIове росдадаса рикIкIадаб лъарал рагIалда бугеб цо расалъуде, гIанкIуязул фермаялде ана.

– «Алмас» бачинчIебаниха, Камил, дуца колотIе,– ян абуна кIодоца. – Цо-цо гьабзазул, гIанкIуял чIвалеб гIадатги букIунелъулха.

– «Алмасалъул» гьединаб гIамал гьечIоха, кIодо, – ян гьве беццизе лъугьана гьав.

Къаси Камил вегана гIанкIуязул бокьалде тIаде балагьараб гьоров, бакъвараб чIаралда тIад. Гьесул бусада цебехунги билълъун, «Алмасги» бегана. Радал Камил хеккого вахъана. Сверун хьуриги хьухьун къачIараб азбар цIун букIана батIи - батIиял кьеразул гIанкIуязгун хIелказ. Цоцазда цере кIанцIун, гIисинаб къуркъуриялда, цIулал хIарччазда жаниса буцараб гIатI кваналеб букIана гьез. Хучараб хIулиялъул габурги цебехун цIутIизабун цо тIинчIаб хIелеко гун-гуниялда данде балагьун бугеб кIудияб черхалъул хъахIаб хIелекогун багъун чIоларого бугоан. ТIинчIаб хIелекоялъул санги гьабичIого, «кIодоч» азбаралде лъураб чIемгIаялда тIадеги бахун «иуиу», – ян гIегIедун биччачн тана.

– Бахарабин гьанже «мукъурберцин» борхалъуде, – ян абуна кIодоца. – ГIалахалде рахъине мех щваниланха, Камил, долъ лъазабулеб бугеб.

КIодол щибаб гIанкIу - хIелекоялда абулел жиндирго цIарал рукIана. Гьей цо-цо гIанкIулде семулаан, заманго щвелалде къурущлъунилан. Цо-цо гIанкIу гьелъ, лъимер гIадин, беэдулаан, цIикIкIун ханал гьаруралъухъ. «Гуруш-гуруш» абун ахIтIолаго гьей цее лъугьараб мехалъ, гIанкIуял рехьед гьабун гьелда хадур гочун унаан. «ГIанкIуязда кIодол мацI бичIчIулеб куцан» валагьун хутIулаан Камил.

Гьедин Камилицаги «Алмасалъги» фермаялда анкьгIанасеб заман бана. Цо къоялда Камил гьойгун васандулев вукIана, тохлъукьего росулъехун унеб нухдасан кIодол ахIихIур бахъана. ГIодоб лъун ханазул цIураб чIегьгун гьей, ганчIазда цееги ун, цо щибалиго балагьулей йигоан.

– Дица абуна дуда, гьве гьанибе бачунгеян. Дида лъан букIана гьелъ лъикIаб гьабунгутIи. Гьале куй гIанасеб гIанкIуги кьагIрал гIадал кIиго тIинчIги чIван буго, – ян ахIдана гьей.

«Долъ бахъинабураб ахIи щиб? Дун цIогьорилан гурищ долъ абураб? Унго, гьеб бугьтан лъезедай дун додигIан лъикIал гIухьбиги гIиял къайиги тун гьаб чIунтараб расалъуде бачIараб? МагIарда гIияда аскIоб дир букIараб къадру. Гьай къуларай хералъ диде бараб рогьо», – абун абулеб гIадин, ццидахун, цин цебе, цин гьанибе бахъун, гьвеги рахIатхун лъугьана.

Камилги щиб гьабилебали лъаларого хутIана. «Цосина...» абураб

пикруги бачIун, бокьалъул кIалтIа бугеб хIарщ багъарараб бакIалде валагьахъдизеги лъугьана. Гьениб бугеб лъалкIги борцун, гьеб гьойдул лъалкIалда дандецин ккуна. «Гьалеха гьаб кIиябго батIи-батIияб лъалкI буго» – ян разилъана Камил. Киналиго ракIалде кIанцIун бачIана гъоркьиса росутIарада бугеб вацгIаласул бокьобеги кIанцIун цараца гIанкIуял гъанкъун ратараб куц. «Гьабги царал хIалтIи батизе буго!» – ян хIукму къотIана гьес.

Камилица къасд гьабуна сардил гъачагъ кквезе. Амма киндайха гьеб сихIир кквела? – Гьав гIемерав ургъана. «Гьа-гьа, дица гудраца кквела гъачагъ» – ан абуна гьес «Алмасалдехунги» вуссун. Гьелъ абуни бетIер тIаде борхичIо, цого бакIалде балагьун чIун пикрабазда бугоан...

Нахъисеб къоялъ, хъахIлъи барабго вахъун росулъа гудурги босун колоде вуссарав Камилица, бокьалда цебе гьитIинабго гвендги бухъун, гудур гъуна.

Расалъуда тIад сардица куркьбал ригъана. Квана-гъанан хадуй кIодоги кьижана. Добго гьоров чIарада тIад гъапуллъулев вукIарав Камил цо чIичIи, лелеялъ ворчIизавуна. Вортана бокьалъул кIалтIе – къикун гудурги буго дунялалдагIаги церги гьечIо. Цинги рагIана цо гъулгъулиги чIичIиги. ГенугъотIокьан гIадин бугоан гьеб. Вортана дове.

– Вай, къасиги гьойца дир гIанкIуялищ чIварал? ЧIаха, дица бетIер чIинтIилин гьелъул! – абун ахIдолей рагIана кIодо.

Бакун кангун гьей азбар сверулей йигоан. «Алмасалъ» кIалдиб ккун бехъерхъун бачIунеб царахъги ялагьун, гьакIкIан хутIана гьей.

– Унго, гьаб царацайищха дун цIогьод гьаюлей йикIарай? Гьай пакъир «Алмас», дун дуда щаклъун йикIана. ТIасалъугьа! – ян абуна гьелъ.

Гьойца гъулгъулаго «ТIасалъугьинчIого щибха дуда гьабилебан» абулеб гIадин, рухI лъугIараб цер цо бокIниде рехана.

Дица абуна гурищ, кIодо, «Алмас» лъикIаб гьве бугилан! – абуна Камилица.



# Маргъу

МухIамад АхIмадов





Кьижизе бокьун гьечIо, –
Макьу тIурулеб буго,
ТIаде къулун кIодоца
КIикIулеб буго гьулак.
Гьелъ бицунеб маргьудул
Гьаракь буго дир рекIелъ, –
РекIун руго чирахъал
Лъимерлъиялъул гъасда.
Лъаларев чотIохъанас
Хъамун ана меседу,
Гьесда хадув валагьун
Хаган хутIун вуго дун.
Хъарталъ хъат кьабурабго
Кьуру биххулеб буго,
ЧотIахъанасда хадуб
Балагь гIедегIун буго.
ГIолеб гьечIо дий хIухьел,
ЦIорон буго кIалдиб мацI.
РагIаби, сихIрабилъун,
РештIунел руго рекIелъ.
КIодоца хъахIал расал
ЧахтIикье рачунаго,
Бицунеб буго дие
Халкъалъ цIунараб маргьу.
ЧотIахъан гIужде щвела,
Меседу гьесий кьела...
Хадусеб маргьуялда
Гьезулги лъимал гIела.
Гьаб дир гIумруялъулги
ГIадамаз бицинадай,
Яги къарнудал чоца
Чабхилъе рехиладай?





# Бахумеседо Расулова

* * *

**МугӀрузул расалъуда**
**ГьитӀинабго хӀор буго,**
**МатӀуялда релълъараб**
**ТӀокӀкӀарабгун бацӀцӀадаб.**

**ХӀорил матӀуялъуре**
**ТӀаде къуларал мугӀрул**
**Рогьалилъ къачӀадулел**
**Ясазда релълъун руго.**

**Гьелда жанир гъаларал**
**ГъутӀбигицин рихьула,**
**ГъотӀол гӀаркьалабиги**
**ГӀодоре далун руго.**

**Циндаго гъотӀодаса**
**БагӀач гӀодой бортана.**
**Гьелъ хӀикматаб дуниял**
**ХӀорилъ биххизабуна.**




Щиб балагьулеб мун, билараб щиб дур
Щайдай, хехаб гьури, мун ццидахараб?
Бортанхъулеб кибе низам гьечIого,
ЧIалгIунаребищ гьеб гьагаб гогьдари?

Квер рекIанщинабги щущахъ балаго,
Мун бухъардулеб куц, мун хъудулеб куц.
Цинги гелдолеб  щай кьурул нохъазда,
Бахчараб бечелъи цIехолеб гIадин.

Дидани лъаларо тIабигIаталда
ТIад белъанхъулебцин гурищ мун бугеб,
Яги инсанасда уйилан ккезе,
ХIалкIолъидул бицун беццарулебищ?

Дунни барахщула, гIохъи чIвачIого,
ЧIалгIаде дуй кьурал ихтияразда,
Жеги бахиллъула хайир гьечIелъуй
Ралъадлъун гьелчолеб гьеб дур гучалда.

ГIарип Расулов

# Бахьикъосал

(хабар)

Школалалда цIали лъугIана. ТIаде щвана каникулазул заман. Чияр ахазде кIанцIун, лъарахъе чвердезе роргун, чIалгIарал Мансурги Сурхайги бахьикъосалин тIокIцIаралги рекIинарун тун рукIана. Цояз гIарз бахъулаан жидер гордазда цIер хутIун гьечIин, гьезул рехдариялъин. Цояз жидер азбаралъул сангарал тIетIезарун ругин бицунаан. КъватIире рахъиналдаса инарун рукIана гьел. Тирасверизе рахъунелъул Мансурицаги Сурхайицаги бакъвазе тIибитIараб кIодол ахбазаналъул лъор цIезабун цадахъ босулаан. КIалдиб лълъим кколеб гьелъул гьуинлъиялъ кверде росун рукIана гьел. Лъималаз ахбазаналде квер бегьулеб букIиналда щаклъун йикIана кIодо, амма кквезе щвараб жо букIинчIо.

Цонухалъ хурие иналде цебе кIодоца гъоркьа рагъида туртида тIибитIана ахбазан ва сверухъ рагъи мухIканго жужан тана. Дица лъазабила цIогьорасул лъалкIилан ракIалдеги ккун, гьей жиндирго ишалъ ана. КIалдиб лъимги ккун, ахбазаналде къасдги лъун вукIана Мансур. КIодол хIилла киндай къезабилебан ургъулаго къотIноб гьагIдана хIама. Векерун ун, къан габурги ккун Мансурица гьеб азбаралде бачана ва живгоги тIаде вахун, ахбазан тIибитIараб туртиде къотIана. Ахбазаналъул лъорги цIезабун, хIамаги къотIноса эхебе балагьизабун, Мансурица гьениса хьуризабуна.

Бакъанида рокъое юссарай кIодода ахбазаналда лал тIамун букIин бихьана. Къваридго йигей гьелда аскIове вачIана Мансур.

– КIодо, щиб хIамайищ гьанибе щун батараб?

– ЩанкIлални хIамил ругоан, амма иш бахьикъосил бихьула, – ян гьимана кIодо.



*Сабрият ХIабибулаевы*

# РАГIАД



Бакъул къоялъ бижулеб,
Кьерханкъоялъ билулеб
РагIад... Гьелул балъголъи
Дида бичIчIулеб гьечIо.

Кьерханкъоялъ цIадаца
Биччилилан батила,
Квачани мегIерччиналъ
Унтилилан батила.

Бакъул къоялъ элъие
Дун щай хирияй йигей?
Дидаса цо галиялъ
Эб рикIкIалъун чIоларо.

Цинги, бакъ тIерхьарабго,
ТIурун батула рагIад.
ТIаде бакъ баккизегIан
Бихьуларо дида гьеб.

Диргун гьудуллъиялъе
РекIкI гьабизе бегьилищ?
Нилъеда гьоркьоб щибго
РакIхвей ккун букIарабищ?

ХIасан ХIабибов

# Дир зоопарк



Лъица дида абилеб
ХIинкъарав вас вугилан,
СулахъгIурул рагIалда
Дица сордо рогьана.

Рохьов жанив сверулев
ТIубараб къо рехана,
ХIорихъа ккун щурункъверкъ
Лъороб тIамун бачана.

ТIаргъинибе канагIаб
Борохь дица тIамуна,
Хадур, рокъоре щведал ,
Ящикалъур тIамуна.

ТIаса гIодой квенги кьун
Кверде ругьун гьаруна.
Лъимал, рачIа нижелъуй,
Дир зоопарк бихьизе!

МухIамад Шамхалов

# Булбулги рузги



Рорхатал мугIрузда гIумру гьабулеб буго гьитIинаб, берцинаб, гIанчIаб хIинчI. Гьеб буго мугIрузул кочIохъан Булбул. Щибаб рогьалилъ байбихьула гьелъ жиндирго хIасратаб кечI. Гьелъ кечI ахIулеб мехалъ бакъ гьимула, тIугьдул кенчIола. Чвахулел иццаз, гIурччинал гъутIбуз, рорхатал мугIруз гьелда цадахъ ахIула. ТIолабго сверухълъиялъ – хъахIилал зобазги гIодоб ракьалъги кечI ахIулеб бугин ккола. Гьалагаб мугIрузул гьуригицин цекьула гьеб мехалъ. Гьелъухъ гIенеккула рорхатал накIкIал, рохьал, хIанчIи, чундул, хIатта ццидалаб бацIгицин.

Булбулги гьелъул кечIги бокьуларо гIицIго цохIо сардил гъачагъ Рузие. Гьелъие рихараб буго хIикматаб кочIохъаналъул гьаракьги бакъанги. Гьелда бичIчIуларо щай гьеб гьитIинаб хIанчIчIил гьадигIан цIакъ хIурмат гьабулебали. Гьелъ абула:

– Щиб берцинлъиха бугеб гьелъул цив–цив, ци–цирон, ци–ци–цироналъулъ. Дица гьаб ракь тезабила гьелда.

Цо ихдалил къоялъ тIегьараб гъотIол каралълъ рештIана мугIрузул кочIохъан – Булбул. ГьебсагIаталъ тIибитIун ана их баркараб панаяб кечI. Зобал рохана, бакъ гьимана, мугIрул, гIорал, рохьал гIенеккун чIана. Киназдаго лъана их бачIун букIин.

Гьеб мехалъ кинабалиго хъвархъвари, двардвари бахъана кьурабалъ. БецIаб нохъодаса къватIибе бахъун бачIана беццаб Рузил бетIер. Гьве гIадин гъулгъудана гьеб. Кето кинигин, мимидана. Тварххезе куркьбалги гьарун боржанхъана. ГъотIолъ речIчIана, ганчIилъ тункана. Добго бакIалда гIодоб рештIана.

Ццидалго ахIдана цинги:

– Гье, намусгьечI! Щай мун гьештIолеб? Щай дун кьижизе толареб?

Булбулалъ жиндирго кечI лъугIизабуна. Цинги жаваб кьуна Рузие:

– Гьале къо, гьале бакъ. Къад кьижулеб гIадат гьечIо. Киналго кьижулелъул кьижичIеб щайха?

– Бакъги къоги бокьуларо дие, – ян абуна Рузица. – Дун бохилаан

бакъ ссун унебани. Сордо буго дир къо, сордо. Къад дида канлъи бихьуларо.

– Дида къаси бихьуларо. Дун къад хIалтIизе ккола. ХIалтIи дир кечI ккола.

Рузил ццин бахъана.

– Дица дур мукъулукъ бахъила, – ян ахIтана гьеб.

– Дудаса хIинкъуларо дун, – ан абуна Булбулалъ. – Къад дуда канлъи бихьуларо. Къаси дун рокъоса къватIибе бахъунаро. Кинха дуца дир мукъулукъ бахъилеб?

Рузида бичIчIана хIинкъи кьун жо кколареблъи. Гьелъ хIукму гьабуна кочIохъан гуккизе. Гьелъ абуна:

– Киданиги дир макьу хвезабичIо дур эбелалъ. КIудиял гъудулзаби рукIана ниж. Мун щай дурго эбелалда релълъараб гьечIеб?

– Дир эбел лъалаанищ дуда?

– Дуца бицунеб щиб? Нусго соналъ рукIана ниж яцал гIадин.

– Вай, гьереси, гьереси, гьелда дун божуларо.

– Дуда дурго эбел лъалей гьечIин ккола дида. Гьелъиеги, диего гIадин рихараб букIана цив, цив-цицирон, цицирон.

– Вай, гьереси, гьереси. Гьей йикIана машгьурай кочIохъан. Гьелъ малъана дида кечI ахIизе. Эбелалъ абулаан: «Нилъер бакъан къотIани, бакъулги нур сунилан, ицалги ракъвалилан, тIугьдулги речIалилан.



– Дуца кечI къотIизе тани, дица дуе ужра кьела ва гIодоб тун хьихьила – ян абуна нахъеги Рузица.

– Дица чияр гъийин кунаро, кечIги дирго ахIула.

Рузида бичIчIана хIинкъи кьеялъ, хIелхIедиялдъ, яги гуккиялъ чIухIараб кочIохъан буцIцIун чIезабизе гьечIолъи. Гьеб ццидахана, гъулгъудана. Цинги цебеса хьвана.

Гьелдаса нахъе лъиданиги бихьичIо Руз гьеб ракьалда. Абулеб буго Булбулалъул гьаракь рагIулареб бакIалда – махIцараб хьуцIилъ жиндиего рукъ банила гьелъилан. Гьанже гьелъул мадугьалзабилъун ругила къуркъбиги гъудулги.

Цебего гIадин, Булбулалъ щибаб радал рохьал, мугIрул жиндирго хIасратал бакъназ рорчIизарула. Гьел бакъназ гьаб берцинаб дунялалдаса къватIибе гъуна ццидалаб сардил хъачагъ.

М. Исаев

# ГIИНТIИ ЛЪАР



**Иццул бетIералда буртIал гьекъолеб,**
**Щай мун гьалаглъулеб гьагаб ГIинтIилъар,**
**ТIалул кьватIелазул бацIцIадаб магIу,**
**ДагIба сунда балеб дуца, ГIинтIилъар?**

**Дир лъимерлъи ана дур чвахелазукь,**
**Чан макьилъ бихьулеб дида дур тIокIкIин.**
**Гьуинаб дир макьу дур гьаракьалъулъ**
**Гьанже анищазул щоб буго дие.**

**Амма дагьабниги зоб кьерханани,**
**Гьугъади багъула дур кьурабазда.**
**ГIарахъмегIералда цIад чвахханани,**
**Дуца кьал ахIула АваргIорулгун.**

**РоцIцIарал къояца чалу гIадаб мун,**
**Чиясда лъалареб заман букIуна.**
**Бакъукь гIарац гIадаб дур лълъадал тIокIкIен**
**КIкIабатIгун жубайдал, дида къосуна.**

**Исанаги рии дур хабаралда –**
**АваргIорулгун кьал, риххарал кьоял,**
**Кьуруда мугъги чIван ГIинтIилъараца**
**ГIор нахъ сверизабун чурарал нухал.**

**Кинан букIаниги, ГIинтIилъаралъул**
**ГIамал гьоркьо-гьоркьоб бокьула дие.**
**ГьитIинаб жо гьечIо гьаб тIалъиялда,**
**ГIамал хассаб буго магIарулазул.**

Наби ГIисаев

# Эбел

Сардица къулчIана къоялъул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги гъуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?

Дуда бихьулеб щиб, дуда лъараб щиб,
ЛъугIел-ахир гьечIел ургъелазул лагъ?
Араб мехищ дуда ракIалде щолеб,
РикIкIад вугев васищ цеве тIамулев?

Дун абуни вуго, вецего гIадин,
ГIащикъал хурдузул махIазухъ къечон,
Магъилъа мун щолел сагIтал рикIкIунеб
РакIалде бачIуна дирго лъимерлъи.

ЛъугIулареб хинлъи каранда тарай,
ТалихIав вуго дун, мун йикIун, эбел.
Амма дуде ургъел рештIараб мехалъ,
РахIат дийго гьечIо, рагIулищ дуда?

Дунялалъул рокъоб бакъищ, гIазуйищ
Дур гIакъилал бераз бицуна дида.
Бице, эбел, дие согIав ханасул
Гъалал меседилай ясалъул маргъа...

Сардица къулчIана къоязул гвангъи,
Къо-мехлъикIан абун ана багIарбакъ,
Нахъеги, гьуинаб макьуги кIочон,
Мун сундул хиялалъ, хирияй эбел?





МухIамад ГIабдулхIалимов

# Пуруц

Диде абула шагьаралъул чийилан. Гьедин абула магIарухъ гIумру гьабун ругез, хасго дир росуцояз. Дида релъанхъун абула гьез гьедин. Гьел ритIаралги руго.

Гьединаб хIасил дица гьабула дунго росулъе щвараб ва гьениб дир рекIел букIунеб хIалалъул хIисаб гьабураб мехалда.

Росулъе щвейгун рекIеца жибго букIин лъазабуна. ХIалакун кьабизе, бухIизе лъугьуна. Цинги квер жибго ун батула гьелтIе бегьун.

Шагьаралда чIеялдалъун дун махIрумлъарабщинаб жоялъул хIисаб гьабула пашманго рагъида гIодовги чIун. Инсуца ирсалъе тараб мина, кули-мархьу, лъикIаб ва кIудияб гIагарлъи, гIагараб росу, гьелъул гIадатал, гIадамал, мугIрул... – кинабго рехсон, кигIан жигар бахъаниги, хIалкIвеларо.

Росулъе щведал, дирго минаялде гIагарлъанагIан, лъугьуна ракI хIалуцине, дидаго лъачIого хехлъула гали.

ТIокъоде лъугьарабго, дун кверде восула музеялде щвараб гIадаб асаралъ. ХIатIил хъваши бахъани, щибгIаги макьидаса борчIизе, хIинкъизе гурин гьаругьинан галаби росулаго, киса-кибего бер щвезабула.

Гьайгьай, щибго батIияб жо батилищха, батуларо: бокьал, эбелалъго, мунагьал чурадица, тараб ракумачIу, мунагьал чураяв инсуца авалалъулго нусалги, хъандирабиги, гIащтIалги ва цогидабги ккураб чарх...

Рагъиде вахингун тIубанго чIобогояб дунялалде ккараб гIадаб асар лъугьуна. Рехун тараб хIанчIибусада релълъуна мина-къайиго. ТIолабго дунялго чIоболголъун лъугьана. Рукъзабазул нуцIби къан тарал ва квер босизе чи данде вахъинчIеб мехалъ чияр бакIалдецин гурищ ккараван пикру бачIуна.

Пашманаб, бакIаб асаргун ва ракIалдещвеялгун чанцIулго сверула дун рукъзабахъ, лъугьуна азбаралде, ваккула тIокъоде, гьорове. РакI букIуна гьанже гуреб, гьанже эбелалъул гьаракь рагIилеб гIадин, яги, нуцIаги къирун, къватIиве ун вукIарав эмен тIаде вачIинев гIадин...

Кинабго бачIуна цебе – дирго лъимадулаб гIумруялъул кино.

Щибаб нухалда дир цIикIкIараб кIвар буссуна цо жоялде. Гьеб ккола гьороб бугеб пуруц.

Гьеб гьабуна инсуца. Дун вукIана «кумекчи». Гьеб гьабун лъугIизегIан кьуричIого аскIов вукIарав дица инсухъе кьолаан гьесие къваригIатараб тIагIел: гIащтIи, жини, квартIа, гъецI, магI ва цогидабги.

Дир кумекалде эмен хIажатав вукIунароан. Гьелъул гIаксалда гьесие дир квалквал букIунаан. Гьел тIагIелал квер бегьун росизе щоледухъ, хьолбохъ кьерда лъун рукIунаан гьесул. Амма дир гьира букIунаан гьесухъе гьел кьезе, гьесие кумек гьабизе. Хапун росун, гIедерго кьолаан дица гьел. ХIалакарав дица, жиниялъул бакIалда гIащтIи,



квартIил бакIалда гъецI кьунги кколаан инсухъе. Кин бугониги, кумек гьабизе бугеб дир гъира-шавкъги бихьун, дида абулаан къваригIараб тIагIел кьеян. Дида бихьизабулаан кин каратI гIанлъизе кколебали, магI кин кьабизе кколебали...

ЦIакъ ракI гъураб, гьабизе гъира кколеб хIалтIи букIана гьеб. Жеги цо-цо жо хъухъалеб мехалда, унго-унголъунги дир кумек хIажалъулаан инсуе. Дун гьес тIамулаан хъухъалеб жо кквезе. Гьелдаса разилъун, вохун дунги вукIунаан.

Пуруц лъугIигун, гьелъухъги балагьун, инсуца абуна:

– РекIее гIолеб бугищ дуе?

Дун цин, тIоцебе бихьулеб жоялъухъ гIадин, гьелъухъ валагьана, цинги инсухъ валагьана.

– Буго! – ян чIухIун жаваб кьуна дица хехго.

Хадубги гьес, дир экзамен босулеб гIадин, гьикъана:

– Пурцил лъикIлъи сундалъун борцунебали лъалищ дуда?

Гьеб захIматаб суал букIана. «Сундалъун борцунеб?» абурал рагIаби рекIее гIечIо дие. Амма дица, дирго къагIидаялъ пикруги гьабун, кьуна жаваб:

– Берцинлъиялъ!

Дун, гьес щиб абулаяли, инсухъ валагьун чIана. Дида ккана дир жавабалда разилъичIин эменилан.

– ТIадагьлъи, узданлъи, – ян бицана инсуца. Векьарухъанги оцалги сваказарулареб букIине ккола пуруц. Цоги аслияб жо – рахъ лъикI бахъи. Гьеб, гьайгьай, пурцимаххалда барабги букIуна.

– Хурибе босизе бигьаябги букIине! – ян дирго пикру загьир гьабуна дица, цо кIвар бугеб хIужа инсуца рехсечIого хутIиялдасаги ва гьеб лъаялдасаги вохун.

– Гьелеха, – ян абуна инсуца, пурцихъ валагьунги чIун, пикрабазда

вугев гӀадин. Гьес гьеб кодобе босана, чан кило бугояли хӀисаб гьабулеб гӀадин, гьанкӀезабуна. ГӀодоб лъуна. Цинги абуна: – ТӀадагьаб бугони, хурибе босизе бигьаябги букӀинарищха! Амма оцазе гӀадада гӀакъуба кьунгутӀи буго бищун аслияб жо!

ЦӀияб пуруц тӀоцебе хурибе босулеб мехалда инсуца дида абуна:

– Рилълъинищха, Расул, цӀияб пурцил хӀалбихьизе? Баракатаб батайгийин нилъер аб!

Щвана хурире.

Рана инсуца рукьалда оцал. ХӀеренго гьезда гаргадана. Щула гьабуна рукьалда пуруцги. Дицаги кумек гьабуна!

«Баркаманал, баркаманал!» – ан абулаго инсуца оцазда киса-кибго квер бахъана, лъухьана, лъикӀ кӀвекӀана гьезул гарбал.

Цинги гьабуна дугӀа. Гьурмада кверал рахъана. Хехго рукьаби гурана.

Дун вукӀана инсухъ валагьун.

Хурул рагӀалда букӀараб борхатаб генугъотӀол тӀогьисан хурире рештӀана бакъул чӀорал.

Инсуца релъ кодобе босана. Пурцил раккан ккуна.

– Гьай баркаманал! – ан ахӀана инсуца, амма релъ оцода кӀутӀичӀо.

Оцал, чӀегӀераб мохъги хадуб цӀан, церехун ана.

Киса бачӀарабали лъаларо, инсуда нахъа рахъниб рештӀана лъарахӀинчӀ. Гьелъ нижее салам кьолеб гӀадин, жиндирго тӀеренаб, халатаб рачӀ гьанкӀизабуна ва гьеб цебехун кӀанцӀун ана.

БачӀана цогиябги!

Чанго рахъ бахъун букӀана инсуца оцал дида цере щвейгун чӀезарураб мехалда.

– Расул, мунго чотӀа рекӀинавизе вачӀа, – ян абуна гьес.

Дида бичӀчӀичӀо кинаб чотӀа дун гьес рекӀинавизе вугевали, цосинаб оцодацин гуродаянги ккана. РекӀинавуна пурцитӀа. Гьелда рекӀун санагӀалъи букӀинчӀо. Инсуца кквечӀевани хехго гӀодове вортилаан.

КӀигойищ-лъабгойищали сонал дасан инсуца дун тӀамуна пурцида хадув вилълъине. Квер хъварабго гьелъ дун росотӀа рекӀарав чи гӀадин, рахъ – рахъалде теркӀезавуна, цинги, хехго пурцил бетӀер ракьулъа бахъунги бачӀун, тӀасан ине байбихьана.

– Гье-э! – ян абуна кеп щварав инсуца. – Пурцил раккан ккун гӀоларо. Гьелъул бетӀер ракьулъ чӀезабизеги ккола. Цо-кӀиго сон хӀажалъила дур векьарухъан вахъине.

Ана сонал, амма инсул анищ тӀубазе хъван букӀун гьечӀо.

Гьесул анищ букӀана дун кӀудияв гӀун ва жиндирго кумекчилъун лъугьун вихьизе.

Микьго класс лъугӀарабго дун цӀализе шагьаралде ана. ТӀокӀалъ дун рега-рекьул гӀужалда росулъе щвечӀо, щун ватаниги, хур бекьулеб мехалде данде ккечӀо. Дун гӀуна, амма инсуда гӀун вихьичӀо.

Дир цӀали лъугӀизе лъабго моцӀ хутӀараб мехалда эмен ватӀалъана.

Хадуса пуруцги рукьги билун букӀана. Инсул рухӀелалъ гьелги цогидабги кӀоченабун букӀана. ГӀицӀго цӀидасан ихги бачӀун, эменги гьечӀого, рекьарулеб къо тӀаде бачӀиндал ракӀалде щвана гьел.

Пуруц батана. Рукь кодобе щвечӀо. Гьеб мехалдаса нахъе буго гьеб пуруц гьороб. Хадуса чанго нухалъ къваригӀиндалги нижеца гьеб хурибе босичӀо – нагагьлъун бека-биххизе гурилан хӀинкъана, лъицаниги ани, тӀадбуссинабиялде ракӀчӀейги букӀинчӀо. эмен ракӀалде щвеялъе щибха букӀинеб гьелдаса лъикӀаб тӀагӀел?

Пурцида берчӀвараб мехалда батӀаго чӀаголъун вачӀуна пикрабалъ эмен. ТӀадбуссун бачӀуна тӀолабго цебехун араб гӀумру.

*АхІмад ХІамзатов*

# ГІАДАН МАГІАРУЛЛЪИ



МагІарда гІиги буго,
ГІияда вехьги вуго,
ГІидраялда тІегь буго,
ТІогьода наял руго.
ТІад сверулеб цІум буго,
ЦІодорго рукІа, кьагІи.
Кьурда хъергъу чІун буго,
ЧІороло, мун тохлъуге.
ЧІорбагІараб цер буго
Цо щобилъан щинкІулеб.
Щуго гІанкІитІинчІ буго
ТІалуда гъоркь тІепун чІун.
ТІадбитІун парпадулеб
Гьорогвед бихьуларищ?
Гьоркьо-гьоркьоб гІансахІинчІ
ГІодулеб рагІуларищ?
РоцІараб зобги буго,
БухІун щун бакъги буго,
БацІцІадаб гьава буго –
Гьеле дир рекІел алжан.
Гьал цІорорал иццалги,
Азаркьерал тІугьдулги,
ТІогьиб гІазу биинчІел
ГІурччинлъарал мугІрулги.
МагІарул махІги гьаниб,
МагІарул рухІги гьаниб.
Гьаниб сордо барав чи
СахлъичІого вукІиниц?

ГӀабдула Даганов

# ВатӀан



Дун щив кколев, ВатӀан, дур,
ГьитӀинаб бутӀа гурищ?
Гьадал чӀегӀеркьурабалълъ
Дир ракӀ кьабгӀелеб гьечӀищ?

Лъол тӀогьазда хъахӀаб накӀкӀ
ХӀухьел гурищ угьараб?
Иццазул дол матӀаби
Дир беразул нур гурищ?

ЦӀадал руго чвахулел –
Хурзазул къеч буссина.
ГӀазу буго рештӀунеб –
Гьаб ракь тӀимгъилъ бахчила.

Ихдал гӀурччинлъараб мегъ,
ТӀугьдузулъ расалъаби,
Пихъ хӀалигъарал ахал –
Дир рухӀ гьечӀищ гьезда лъун?

ГӀинтӀи буго багӀарлъун,
Барщун буго тӀепало,
ТӀорщалида гьороца
ТӀад квер буго бахъулеб.

ТӀинчӀаб найил зузуди,
РикӀкӀада цӀудул гьаракь,
ТӀолго гьаб гӀаламалъе
Щивлъун кколев, ВатӀан, дун?!

Гьитlичазе

Мухамад Хириясулаев

# ХIанчIибусен



Цо гьитIинаб
 ХIанчIибусен
ХIотохIехьалъ
ЦIунун буго.
ЦIадаздаса,
Гьородаса,
ГьитIичазул
Бераздаса.

Гьеб хIеренаб
ХIанчIибусен
ХIажикъида
Батун буго.
ХIули сокIкIун,
Жиб гьабураб,
Жаниб лъабго
Хоно лъураб.

Огь, пакъир хIинчI!
ХIинкъун буго,
ХIажикъ вихьун,
Биххун буго.
Пархолаго
Гьаваялда
Гьабизе жо
ТIагIун буго.

ХIинчI, ахIдоге,
Мун хIинкъуге,
ХIажикъ кинго
Квешав гьечIо.
Гьес ханазда
Квер хъваларо,
Кету гурелъ
Рикъиларо.

Ургъел ккоге,
Керен дурго
Куркьбаз гьедин
Бухун лъоге.
Гьаб дур бусен
Батараблъи
Лъидаго гьас
Бицинаро.

Машидат Гъайирбекова

# Макказул садик

Дир рагъидул хIобода
ХIанчIазул садик буго,
ХъахIал маккал рештIине
Дир дадаца гьабураб.
РасагIан санагIатаб
Хъарщи буго рагъида,
ХIанчIазе мугьги балеб,
Гьекъезе лъимги тIолеб.
ЦIад балелъул, рачIуна,
ГIазул къоялъ рачIуна,
Макказул тIел кидаго
РештIуна садикалда.

ЦIадакь риччарал маккал
Ракъвазе, гвангъун щваян,
Щибаб къоялъ бакъуда
Гьардолев вукIуна дун.
ГIазукь квачарал маккал
Хинлъиледухъ рачIаян,
Бакъул чIоразде ахIун,
КIалъалев вукIуна дун.

Бищ-бищан ахIун, дица
Хъурун чед балеб мехалъ,
Гъургъур бачун, маккаца
Дие баркала кьола.
Кьураб квен тIагIарабго
ТIад цо свериги бахъун,
Макказул тIел цадахъго
Боржун уна рокъобе.



ГIаишат Малачиева

## Эбелалъул анищ

Мун кинавлъун вукIинев?
Кидаго икъбал кьеяв,
Дунял–Ахираталъул
ТалихI дуй насиблъаяв.

Огь, дир гIищкъу, дир анищ,
Мун гIадамлъун вукIине, –
ГъалатIал гIемерлъичIев,
Мекълъи-тIекълъи биччачIев.

РигьтIа вахъун, как балев,
Киналго кIалал кколев,
Нигаттун–къасд бацIцIадав,
БетIергьан разилъулев.

Мун кинав дий бегьулев? –
Божи ритIухъ гьабулев,
ГIадамазе пайдаяв,
ГIагарлъи бакIарулев.

ГIелму тIалаб гьабизе,
ГIакълу-лъай дур барщизе,
Бабал берал кунчIизе,
РекIел чирахъ гвангъизе.



Соколёнок
Лачен
ISSN№0203 - 3682
4/2019
июль – август

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Регистрационный номер
серия ПИ №ТУ05-00413 от 22.04.2019 г.
выдан управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

**Руководитель – главный редактор**
М.М. Ахмедов

**Редколлегия:**
М. АХМЕДОВ
М. МАГОМЕДОВ
А. МАЛАЧИЕВА **(редактор выпуска)**
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА **(ответ. секретарь)**
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

**Художественный редактор** З.Даганов
**Технический редактор** Т. Лузина
**Художник номера** М. Муталибов
**Художник обложки** С. Бицираев

Формат 60x84 1/8.
Бумага офсетная.
Уч. изд. л. 3,22.
Уч. печ. лист 3,26.

Сдан в печать 27.07.2019 г.
Выход в свет 07.08.2019 г.
Тираж 1174 экз.
Заказ № 4221.

**Типография:**
ООО «Издательство «Феникс-пресс».
**Адрес типографии:**
367018, РД, г. Махачкала, ул. Петра I, 61.

**Редакция и издатель:**
Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколёнок» и «Литературный Дагестан»
**Адрес редакции и издателя:**
367000, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

**Электронный адрес редакции:**
litdag@mail.ru

Аварский язык

Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.